



Kitab Suci Bocah
nyuguhaké

Nalika Allah Ngana'aké
Samubarang



Ditulis déning: Edward Hughes
Digambari déning: Byron Unger; Lazarus
Dibesut déning: Bob Davies; Tammy S.
Diterjemahaké déning: Endang Supardan
diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2011 Bible for Children, Inc.
Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.



Sapa sing nggawé kita? Kitab Suci, pangandikané Allah, nyrita'aké piyé mula-bukané ana bangsa manungsa. Ing jaman kuna-makuna Allah nggawé utawa nyiptaaké manungsa sepisanan, lan diparingi jeneng Adam.




Allah ngasta utawa nggawé Adam saka lemah,
lebuning bumi. Nalika Allah nyebul napasing
urip tumrap Adam, Adam dadi urip. Dheweké
manggon ing taman sing éndah banget,
jenengé Taman Éden.



Sakdurungé nitahaké Adam, Gusti Allah wis nitahaké bumi sing éndah banget, isiné samubarang sing nyata apik tenan. Mbaka sethithik Gusti Allah ngasta palemahan kang methutuk kanggo pegunungan lan panggonan rata kanggo pasuketan, taneman kembang



... manuk-manuk sing éndah warnaning wuluné lan
bangsa tawon sing mbrengengeng swarané, iwak paus
sing gedhé nganti kangèlan ngglundhungké badané
lan bekicot sing cilik, sing lunyu awaké. Saktemené,
Gusti Allah nitahaké samubarang sing ana ing bumi
iki - sakabèhé!



Ing wiwitaning jaman, sakdurungé Gusti Allah nyiptaaké apa-apa, ora ana apa-apa kejaba Gusti Allah.

Ora ana manungsa, panggonan utawa barang-barang.


Babar pisan ora ana.

Ora ana pepadhang, lan ora ana pepeteng.

Ora ana ndhuwur lan ora ana ngisor. Ora ana wingi lang ora ana sésuk.

Sing ana mung Allah, sing ora ana wiwitané.

Banjur Gusti Allah tumindak!




Ing jaman kawitan,
Gusti Allah nitahaké
langit lan bumi.




Bumi iku campur-bawur lan
suwung. Lan anané mung
pepeteng ndhedhet.
Gusti Allah banjur
ngendika: "Anaa
pepadhang."



Lan banjur ana pepadhang. Gusti Allah paring
jeneng Raina marang sing padhang, lan sing peteng
diparingi jeneng Wengi. Soré lan ésuks dadi dina
kapisan.



Ing dina kapindho, Gusti Allah ngumpulaké banyu sing ana ing segara amba, segara ciut lan tlaga nang sakngisoré langit. Ing dina katelu Gusti Allah ngendika, "Anaa lemah sing asat." Lan iya kelakon.




Gusti Allah dhawuh supaya sesuketan lan kembang-
kembangan padha tuwuh, uga grumbul lan
wit-witan. Lan iya kelakon
metu. Lan soré lan ésuk
dadi dina katelu.




Banjur Gusti Allah nyiptaaké srengéngé,
rembulan lan lintang-lintang sing
cacahé akèh banget nganti ora
ana sing bisa ngétung. Lan soré
lan ésuk dadi dina kapapat.




Sakterusé, sakèhé makluk
ing segara, iwak lan bangsa
manuk ana ing urutan
ciptané Gusti Allah.
Ing dina kaping lima
Gusti ngasta utawa
nggawé: iwak sing gedhé
lan lancip cangkémé kaya
pedhang lan uga iwak
sardèn sing cilik, manuk
unta sing sikilé dawa lan
uga manuk prenjak
cilik sing tansah
cemuwit-bungah.



Gusti Allah nyiptakké
manéka rupa iwak
kanggo ngebaki banyu
ing bumi lan uga
manéka warna manuk
supaya padha
ngrasakaké
bungah-bungah
ing dharatan, segara
lan akasa. Lan soré
lan ésuk dadi dina kalima.




Sakbubaré iku, Gusti Allah ngendika manèh. Pangandikané, "Bumi iki ngetokna makluk urip mawarna-warna..." Sakwarnane kéwan ingon-ingon, kéwan rumangkang, lan gumremet, sarta rèptil banjur ana. Ana gajah gedhé sing gawé bumi kaya horeg, nanging ana uga berang-berang cilik sing repot kaya tanpa mandheg. Kethèk sing dhemen ngganggu lan baya sing kaku-wagu.



Uget-uget sing pating kruget lan bajing sing
mbeling. Jrapah sing dhuwur sak glagah, lan kucing
nganggur sing senggar-senggur. Samubarang kéwan
diciptaaké déning Gusti Allah ing dina iku.

Lan soré lan ésuk dadi dina kaping nem.




Ing dina kaping nem Gusti ngasta manèh-lah iki sawijining prekara sing istimewa banget. Samubarang wis sumadhiya kanggo anané Manungsa. Wis ana barang sing bisa dipangan ing tegalan lan


wis ana kéwan-kéwan sing bisa ngladèni manungsa. Banjur Gusti Allah ngendika, "Ayo Kita nggawé manungsa sing mirib gambar Kita. Cikbèn dhèwèké nguwasanana sabarang sing ana ing bumi."



MANGKONO GUSTI ALLAH
NYIPTAAKÉ MANUNGSA MANUT
GAMBARÉ GUSTI PIYAMBAK;
MITURUT GAMBARÉ ALLAH
PIYAMBAK, ANGGONÉ
NYIPTAAKÉ
MANUNGSA ...



Gusti Allah ngendika
marang Adam:
"Apa waé sing sira
péngini ing taman
iki olèh sira pangan.
Nanging aja mangan
saka wit pangawruhing
becik lan ala. Yèn
sira mangan saka
wit iku mesthi sira
bakal mati."



Banjur Gusti Allah ngendika, "Ora prayoga manungsa iku yèn ijèn waé. Sun gawèaké rowang kanggo dhèwèké." Gusti Allah nekaaké sarupané manuk ing awang-awang lan sarupané kéwan menyang ngarepé Adam. Adam banjur maringi jeneng marang kabèh kéwan iku.



Adam mesthiné ya wong sing pinter, nganti bisa nglakoni kabèh mau. Nanging saka ing antarané manuk lan sato kéwan iku ora ana mitra sing cocok utawa sembada kanggo Adam.




Gusti Allah ndadèkaké Adam turu kepati. Lah, saka wong sing lagi turu iku Allah mundhut igané siji, banjur Allah mangun Wanita saka igané Adam mau. Wanita sing diasta dening Gusti mau cocok banget dadi mitrané Adam.



Gusti Allah ngasta samubarang sajroné nem
dina. Banjur Allah mberkahi dina kapitu lan
netepaké dina iku dadi dina pengasoan.

Ana ing Taman Éden, Adam lan Kawa,
yaiku bojoné utawa sisihané, ngrasaaké
kabungahan sampurna, mbangun turut
marang Allah. Allah iku iya Gustiné,
iya Sing Maha Nyukupi, lan
Sahabat kanggo




wong loro iku.




Nalika Allah Ngana'aké Samubarang
Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci
bisa digolèki ing
Purwaning Dumadi 1-2

"Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi." Jabur 119:130





1



60



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

